



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Tripama

Penulis:
Mulyantara

Ilustrator:
Anton Rimanang







KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Tripama

Penulis:
Mulyantara

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

TRIPAMA WATAK SATRIYA

Penulis : Mulyantara
Ilustrator : Anton Rimanang
Penerjemah : Hayu Avang Darmawan
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Wiwin Erni Siti Nurlina
 2. Bahasa Indonesia : Ahmad Khorius Salim
Penata letak : Anton Rimanang

Tim Pelaksana : 1. Wuri Rohayati
 2. Wuroidatil Hamro
 3. Nindwihapsari
 4. M. Haris Ardhani
 5. Rino Edrianto

Penerbit

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN 978-623-388-845-5

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 20, Arial, Bubble Love Demo.
ii, 16 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.

Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi



Utama bocah lola, ora duwé bapa biyung. Dhèwèké diopèni mbahé kakung, asmané Mbah Hadi. Mbah Hadi kuwi biyèn dhalang kondhang.

UtamasekolahingklasVSDNegeriBhayangkara. Budhal lan bali sekolah mung mlaku, kamangka sekolahané lumayan adoh. Utama ora tau ngresula (sesambat marga rekasa).

Utama anak yatim piatu, dia tidak memiliki ayah ibu. Ia dirawat oleh kakeknya yang bernama Mbah Hadi. Dulu, Mbah Hadi adalah seorang dalang terkenal.

Utama bersekolah di kelas V SD Negeri Bhayangkara. Dia pergi dan pulang sekolah dengan berjalan kaki. Padahal, sekolahnya lumayan jauh. Utama tidak pernah mengeluh.



Mbah Hadi gawéyané natah lan nyungging wayang kulit. Kanggo nyambung urip lan mbayar sekolahé Utama. Kajaba iku, uga njagakaké pametuné sawah kang diburuhaké.

Nadyan yuswané wis 94 taun, parandéné semangat kerjané ngédab-édabi. Ora kalah karo sing enom-enom.

Mbah Hadi bekerja menatah dan menyungging wayang kulit. Hal itu untuk menyambung hidup dan membiayai sekolah Utama. Selain itu, dia juga mengandalkan hasil sawah yang diburuhkan.

Meskipun usianya sudah 94 tahun, semangat kerjanya luar biasa. Semangatnya tidak kalah dengan yang muda.



Mbah Hadi ngalami urip telung jaman, yaiku jaman Landa, Jepang, lan Indonésia mardika. Biyèn dhahar apa-apa isih bisa. Saiki mung bisa dhahar sing empuk-empuk amarga waosé kari telu.

Dhaharé bubur utawa lonthong, lawuhé tahu utawa endhog godhog. Bubur sawungkus didhahar kaping pindho, ésuk lan awan. Lonthong siji uga mangkono.

Mbah Hadi hidup pada tiga zaman, yaitu penjajahan Belanda, Jepang, dan Indonesia merdeka. Dahulu dia makan apa saja masih bisa. Sekarang dia hanya bisa makan yang lunak karena giginya tinggal tiga.

Dia makan bubur atau lontong berlauk tahu atau telur rebus. Bubur satu bungkus dimakan dua kali, pagi dan siang. Satu lontong juga dimakan seperti itu.



Kondur saka Jumatan, Mbah Hadi ngrasakaké awaké ora kepénak. Sajaké tènsiné munggah. Otot gulu kenceng lan pundhaké kaku.

Ngono kuwi biyasané amarga saka anggoné nyrempeng gawéyan. Mbah Hadi wis dipijeti Utama, meksa durung mari.

Pulang dari Jumatan, Mbah Hadi merasa tidak enak badan. Sepertinya tekanan darahnya naik. Otot lehernya kenceng dan pundaknya kaku.

Kondisi itu biasanya terjadi karena dia banyak pekerjaan. Mbah Hadi sudah dipijiti Utama, tetapi belum sembuh.



Mbah Hadi diaturi mriksakaké ing puskesmas. Utama saguh ndhèrèkaké. Mbah Hadi ora kersa. Pawadané sauger ajeg ngombé godhogan godhong pandhan wangi, tènsiné mesthi mudhun.

Ing pekarangan buri omah, ana wit pandhan wangi, mèpèt kalèn. Godhongé akèh. Kapan butuh, kari ngiris pira butuhé, ora ndadak tuku.

Mbah Hadi diajak periksa ke puskesmas. Utama siap mengantar. Mbah Hadi tidak mau. Katanya asalkan rutin meminum rebusan daun pandan wangi, tensinya pasti turun.

Di pekarangan belakang, ada pohon pandan wangi di dekat sungai kecil. Daunnya banyak. Jika memerlukan, tinggal memotongnya sesuai kebutuhan dan tidak perlu beli.



Mbah Hadi mung saré waé. Utama sing ngladèni yèn Mbah Hadi ngersakaké apa-apa. Klebu dhaharan lan unjukané.

Nalika séhat, lebar tindak-tindak ésuk, Mbah Hadi mesthi mampir pasar. Yèn ora mundhut bubur, ya mundhut lonthong. Saiki Utama sing kudu nèng pasar.

Mbah Hadi hanya tiduran saja. Utama yang menyediakan jika Mbah Hadi menginginkan sesuatu. Termasuk untuk makanan dan minumannya.

Saat kondisinya sehat, setelah jalan-jalan pagi, Mbah Hadi pasti mampir pasar. Jika tidak membeli bubur, dia membeli lontong. Sekarang Utama yang harus ke pasar.



Wis telung dina Utama telat sekolah. Bu Padmi, guruné, ndangu Utama, apa sababé saben ésuk pijer telat waé.

Utama matur yèn simbahé lagi gerah. Penyakit dharah tingginé kumat lan wis diobati nganggo godhogan godhong pandhan wangi.

Sudah tiga hari Utama telat masuk sekolah. Bu Padmi menanyai Utama mengapa setiap pagi selalu telat.

Utama menjelaskan jika kakeknya sakit. Tekanan darahnya naik dan sudah diobati dengan rebusan daun pandan wangi.



Esuk kuwi jam sepisanan pelajaran basa Jawa. Bu Padmi nggancaraké tembang Dhandhanggula 7 pada, yasané Mangkunegara IV. Isine bab Tripama watak satriya.

Tripama tegesé telung tuladha. Satriya telu sing kena kanggo tuladha jiwa kasatriyané, yaiku Patih Suwanda, Kumbakarna, lan Adipati Karna. Bu Padmi banjur maringi PR nulis tokoh wayang telu mau.

Pagi itu jam pertama adalah pelajaran bahasa Jawa. Bu Padmi menjelaskan tembang Dhandhanggula tujuh bait karya Mangkunegara IV. Tembang itu berisi tentang Tripama sifat kesatria.

Tripama artinya tiga contoh. Tiga kesatria yang bisa dijadikan contoh, yaitu Patih Suwanda, Kumbakarna, dan Adipati Karna. Bu Padmi kemudian memberikan PR menulis ketiga tokoh wayang itu.



Dhèwèké bisa takon marang wong sing ngerti wayang. Utamanawani Budi dolan ing omahé. Mbahé Utama dhalang lan kagungan wayang sakothak. Mbahe Utama mesthi priksa critané tokoh wayang telu mau.

Dina Ahad, Budi dolan nèng omahe Utama. Dhèwèké ketemu karo Mbah Hadi sing wis dhangsan. Bocah loro nyuwun priksa critané Patih Suwanda, Kumbakarna, Adipati Karna, sing bakal ditulis.

Mereka bisa bertanya kepada orang yang mengerti wayang. Utama mengajak Budi ke rumahnya. Kakeknya dalang dan memiliki sekotak wayang. Kakek pasti tahu cerita tiga tokoh wayang itu. Pada hari Minggu Budi datang ke rumah Utama. Ia bertemu dengan Mbah Hadi yang sudah sembuh. Dua anak itu bertanya tentang cerita Patih Suwanda, Kumbakarna, Adipati Karna yang akan ditulis.



Mbah Hadi crita, sadurungé jeneng Patih Suwanda, maune jenenge Bambang Sumantri. Duwé adhi wujud buta bajang, jenengé Sukasrana. Sumantri ora seneng diiloni adhiné.

Sumantri suwita ratu linambaran tékad guna, kaya, purun. Nyaguhi dhawuhing ratu, bisa éntuk gawé. Sumantri péngin bisa mboyong Dèwi Citrawati lan putri dhomeas kang cacahé 800.

Mbah Hadi bercerita, Patih Suwanda dahulu bernama Bambang Sumantri. Ia memiliki adik berwujud buta bajang bernama Sukasrana. Sumantri tidak senang adiknya selalu ikut.

Sumantri berdoa kepada Tuhan dengan tekad *guna, kaya, purun*. Ia memohon kepada Tuhan agar permohonannya terkabul. Dia ingin bisa memboyong Dewi Citrawati dan dayang-dayang berjumlah 800.



Kanggo njaga kaluhurane ratu sesembahané, anggoné masrahaké Dèwi Citrawati srana perang tandhing. Sumantri kalah, tebusané kudu mindhah Taman Sriwedari, saka Gunung Utara menyang Maèspati. Taman Sriwedari klakon dipindhah, awit saka pambiyantuné Sukasrana.

Wekasané Sukasrana mati ing tangané Sumantri, kanthi ora kejarag. Sumantri diwisudha dadi patih Maèspati, kanthi paring dalem asma Patih Suwanda. Nalika Maèspati dilurugi Prabu Dasamuka, Patih Suwanda sing ngadhepi, nganti tekan patiné.

Demi menjaga keluhuran ratu, untuk mendapatkan Dewi Citrawati, perang harus diadakan. Sumantri kalah dan tebusannya dia harus memindahkan Taman Sriwedari dari Gunung Utara ke Maespati. Taman Sriwedari berhasil ia pindahkan dengan bantuan Sukasrana. Akhirnya Sukasrana mati di tangan Sumantri tanpa disengaja. Sumantri dilantik menjadi Patih Maespati dengan nama Patih Suwanda. Ketika Maespati didatangi Prabu Dasamuka, Patih Suwanda menghadapinya sampai datang ajalnya.



Kumbakarna wujudé buta gedhé, adhiné Prabu Dasamuka ing Ngalengka. Ora sarujuk marang pakartine Dasamuka anggoné nyolong Dèwi Sinta. Bola-bali asung pamrayoga ora digatèkaké, nuli bali ing kasatriyané tapa néndra.

Nalika dumadi perang Ngalengka, Kumbakarna digugah Radèn Indrajit, srana dijabat wulu puhuné. Dhèwèké ngadhep Dasamuka, diwaregi, terus didhawuhi maju perang, awit gegedhug Ngalengka wis entèk. Kumbakarna wegah perang nyebabaké Prabu Dasamuka muring-muring.

Kumbakarna berwujud raksasa, adik Prabu Dasamuka di Ngalengka. Dia tidak suka dengan kelakuan Dasamuka yang mencuri Dewi Sinta. Dia sudah sering menasihati tetapi tidak dihiraukan, akhirnya dia kembali untuk bertapa.

Ketika perang Ngalengka, Kumbakarna dibangunkan Raden Indrajit dengan dicabut bulu jempol kakinya. Dia menghadap Dasamuka, makan kenyang, kemudian berperang karena prajurit Ngalengka sudah habis. Kumbakarna tidak mau berperang menyebabkan Prabu Dasamuka marah-marah.



Kumbakarna diunèkaké buta sing jirih getih wedi mati. Gelem mangan darbèking liyan, nanging ora gelem tumandang gawé. Kabèh sing dipangan Kumbakarna dikon mbalèkaké.

Kumbakarna akhire maju perang kanti niyaté mbélani bumi wutah getihé. Wusana gugur ing paprangan.

Kumbakarna diejek raksasa yang takut darah dan takut mati. Dia memakan milik orang lain, tetapi tidak mau bekerja. Semua yang dimakan Kumbakarna disuruh mengembalikan.

Kumbakarna akhirnya maju perang dengan niat membela bumi tumpah darahnya. Akhirnya dia gugur dalam perang.



Dumadiné Karna amarga Dewi Kunthi maca mantra panggendaman peparingé Resi Druwasa.

Bayi Karna ditemu Prabu Adirata, kusiré ratu Ngastina Prabu Dhésthara. Dhèwèké digulawenthah nganti diwasa, meguru marang Resi Ramaparasu. Nalika ana pendadaran siswa Sokalima, Karna nandhingi Permadi.

Karna lahir karena Dewi Kunti membaca mantra pemberian Resi Druwasa.

Bayi Karna ditemukan oleh Prabu Adirata, kusir Ratu Ngastina Prabu Destarata. Diadirawatsampai dewasa dan berguru kepada Resi Ramaparasu. Ketika ada ujian siswa Sokalima, KarnamenandingiPermadi.



Brataséna ora marengaké Permadi nandhingi Karna, awit ora timbang drajadé. Permadi anak ratu, Karna mung anak kusir. Kurupati banjur matur marang Prabu Dhésthara, ramané, nyuwunake kamuktèn Karna.

Karna jinunjung dadi adipati ing Ngawangga. Wiwit iku, Karna sumpah bakal nglabuhi Kurupati (Suyudana) nganti saentèké nyawané. Sumpahé Karna ditetepi, mula Bharatayuda mihak Kurawa nganti guguré.

Bratasena tidak membolehkan Permadi bertanding dengan Karna karena derajat tidak seimbang. Permadi anak ratu, sedangkan Karna hanya anak kusir. Kurupati kemudian meminta kepada Prabu Destarata, ayahnya, agar memberi kemuliaan untuk Karna.

Karna diangkat menjadi adipati di Ngawangga. Sejak itu, Karna bersumpah akan mengabdikan Kurupati sampai mati. Karna menepati sumpahnya, sehingga di perang Baratayuda dia memihak Kurawa hingga gugur.



Mbah Hadi ndangu Utama lan Budi. Ing antarané tokoh telu mau, sapa kang pantes tinulad? Utama jawab Patih Suwanda, Budi jawab Adipati Karna.

Mbah Hadi mundhut priksa apa alesané. Winangsulan yèn Patih Suwanda gugur awit netepi kuwajibané, mbélani ratu lan negarané. Guguré Karna kanggo nyaur utang kabecikan lan dadi srana ilangé angkara murka.

Mbah Hadi bertanya kepada Utama dan Budi. Dari tiga tokoh itu, siapa tokoh yang pantas diteladani? Utama menjawab Patih Suwanda, Budi menjawab Adipati Karna.

Mbah Hadi menanyakan alasannya. Mereka menjawab Patih Suwanda gugur karena melaksanakan kewajibannya membela ratu dan negaranya. Karna gugur untuk membalas budi dan menjadi sarana hilangnya angkara murka.



Bionarasi



Penulis

Mulyantara (Mul) lahir di Yogyakarta, tanggal 6 Mei 1965. Saat ini dia tinggal di Ngabean Kulon (Jalan Kaliurang Km 7,8) RT 04 RW 35, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman. Pria ini mempunyai keahlian dalam sastra budaya: ilustrator wayang kulit gaya Yogyakarta, penulis cerita wayang/padalangan/tokoh wayang, penulis cerita rakyat/roman sejarah, penulis cerkak, penulis cerita anak/dongeng.

Karya sastranya telah banyak diterbitkan, antara lain: *Mutiara Budaya Nusantara 1* (Penerbit Gama Media, 1999); *Mutiara Budaya Nusantara 2* (Penerbit Gama Media, 2000); antologi dongeng *Andong Jogja* (Disbud Jogja, 2022); antologi cerkak *Watu Asmara* (Azzagrafika, 2023). Ia pernah menjuarai lomba cergam/komik dan lukis wayang.

Pembaca yang ingin berkorespondensi dapat menghubungi telepon genggam 082328783443; WA 087839023639; posel: mulyantara52@gmail.com.



Penerjemah

Hayu Avang Darmawan lahir di Kulon Progo, Yogyakarta. Awal mula perhatiannya pada dunia anak-anak dibuktikan sebagai penggagas digelarnya Lomba Cipta Lelagon Bocah di Pura Pakualaman, serta menulis cerita-cerita anak. Pria kelahiran 1989 ini merupakan lulusan Pendidikan Bahasa Jawa dan Ilmu Sastra. Sekarang ia aktif di Bidang Bahasa Sastra Dinas Kebudayaan

DIY dan Pengembang Kebudayaan bidang Macapat di Kadipaten Pakualaman. Ia juga sebagai *host* di Radio Edukasi Balai Besar Guru Penggerak DIY pada program RESBAN (Radio Edukasi Sastra Budaya Adiluhung Nusantara) serta dapat ditemui di Instagram @hayuavang.



Penyunting Bahasa Indonesia

Wiwin Erni Siti Nurlina, M.Hum. Penyunting bekerja sebagai peneliti di Pusat Riset Bahasa, Sastra, dan Komunitas, Badan Riset dan Inovasi Nasional, Indonesia. Ia menyelesaikan studi jurusan Sastra Nusantara di Universitas Gadjah Mada pada tahun 1987 dan menyelesaikan program pascasarjana jurusan ilmu linguistik di Universitas Gadjah Mada pada tahun 1999.

Pengalaman sebagai penyunting, sudah lama dilakukannya sejak dia menjadi peneliti di Balai Bahasa Yogyakarta sejak tahun 1994. Kepakaran itu didasari dengan pengalamannya sebagai (a) anggota dewan redaksi dan editor Jurnal Ilmiah Widyaparwa, (b) penyunting beberapa buku dan kamus yang sudah terbit, (c) penyuluh kebahasaan, dan (d) dosen praktisi pada program Kampus Merdeka. Hasil tulisan yang diterbitkan berupa artikel jurnal nasional maupun internasional, monograf, kamus, tata bahasa Jawa, dan artikel populer di media massa. Ia juga aktif mempresentasikan paper secara nasional dan internasional. Dia dapat dihubungi melalui posel: wiwi019@brin.go.id.



Penyunting Bahasa Indonesia

Ahmad K. S. sampai saat ini bekerja di Balai Bahasa Provinsi DIY. Dia mendapat gelar Sarjana Sastra di Universitas Negeri Semarang. Kecintaannya pada buku anak mengantarkannya menulis beberapa buku anak seperti *Markas Rumah Pohon* dan *Akhirnya Didi Tahu*. Dia bisa ditemui di Instagram @ahmadkhoirussalim1.



Ilustrator

Anton Rimanang lahir di Tulungagung, Jawa Timur dan sekarang tinggal di Bantul. Ia menyelesaikan studi sarjana dan magister di ISI Yogyakarta Program Studi Desain Komunikasi Visual. Karya yang pernah dipublikasikan adalah *visual book Pranatamangsa* dan beberapa buku ilustrasi untuk pembelajaran (literasi) anak.

Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Utama siswa kelas V SD kang wis lola. Dhèwèké diopèni Mbah Hadi kang yuswané wis 94 taun. Wis telung dina saben mlebu sekolah dhèwèké mesthi telat. Bu Padmi, guruné, nlesih. Jebul Mbah Hadi gerah. Dharah tingginé kumat. Mbah Hadi diobati godhogan godhong pandhan wangi.

Sadurungé budhal sekolah, Utama kudu nyepakaké dhaharan lan unjukan kagem simbahé. Dadi, saben ésuk Utama kudu menyang pasar. Dhèwèké antri bubur nggon bakul gudheg utawa tuku lonthong.

Esuk iku pinuju wulangan basa Jawa. Bu Padmi nggancaraké tembang Dhandhanggula 7 pada yasane KGPAA Mangkunegara IV, kang isine bab Tripama Watak Satriya. Telung tuladha jiwa kasatriyané satriya telu, yaiku Patih Suwanda, Kumbakarna, lan Adipati Karna.

Sapa kuwi Patih Suwanda, Kumbakarna, lan Adipati Karna?

Utama siswa kelas V SD yang sudah yatim piatu. Dia dirawat Mbah Hadi yang berusia 94 tahun. Sudah tiga hari Utama telat masuk sekolah. Bu Padmi, gurunya, bertanya. Ternyata Mbah Hadi sakit. Darah tingginya kambuh. Mbah Hadi diobati rebusan daun pandan wangi.

Sebelum berangkat sekolah, Utama harus menyiapkan makanan dan minuman untuk Simbah. Jadi, setiap pagi Utama harus berangkat ke pasar. Dia antri membeli bubur di penjual gudeg dan membeli lontong.

Pagi itu saatnya pelajaran bahasa Jawa. Bu Padmi menerangkan tembang Dhandhanggula tujuh bait karya KGPAA Mangkunegara IV yang berisi tentang tripama sifat satria. Tiga contoh jiwa kesatria, yaitu Patih Suwanda, Patih Kumbakarna, dan Adipati Karna.

Siapakah Patih Suwanda, Kumbakarna, dan Adipati Karna?

ISBN 978-623-388-845-5 (PDF)



9

786233

888455



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024**